ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№150 (22.808) ● 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Информацэр хъумэныжІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным эзритым хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №912-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-мкІэ кьыщтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм мэлыхьыхьым и 30-м къыдигъэкІа Унафэ №921-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-мкІэ кьыщтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-мкІэ кьыщтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къыдигъэкІа Унафэ №992-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-мкІэ кьыщтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм накъыгъэм и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №928-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №929-РП-м, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, а Унафэ дыдэмкІэ кьащтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм фокІадым и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №989-РГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэмкіэ кьащтам, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Унафэ №62-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуэгъуэм и 27-м
№66-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэкъуэгъуэм и 27-м щыІэ къэІа Унафэ №66-РГ-мкІэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэныжІэ щыІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм ХЭТХЭР

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(Комиссэм и тхьэмадэщ)*

Уннаев К. Хь. - М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Дружининэ Н. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и секторым и УнафэщІыр

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Залиханов Къ. Хь. - Y. - къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и Унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм ШынагъуэшхагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

Куквэ А. Н. - Связым, хьыбарегъащІэ технологиехэмрэ цІыхубэ коммуникацэхэмрэ я Іэнатіэмкіэ къулыкъушІапІэм гъэцэкІэкъуэныжьмкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Унафэщым и къуэдзэр, кІэлъыплъыныгъэмкІэ къудамэм и Унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

Минников Ю. Т. - Техническэ, экспорт кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныгъэм и Іуэхуэхмкіэ, зыхъумэныжІэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуэгъэзэгъуэхэм я ІуэхуэхьыныгъэмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыбжьыкІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

Павленкэ И. В. - Урысей Федерацэм и Хъумакіуэ федеральнэ къулыкъушІапІэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ и центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Унафэщыр *(зэгурыІуауэ)*

Синицкий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм хьыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым и Унафэщыр

Шишкин А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм хьыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым и информацэр техникэ Іэмалхэмкіэ хъумэныжІэ и секторым и Унафэщыр *(Комиссэм и секретарщ)*

МэкъумэшыщІэхэм къыхуащІ гулъытэм хохъуэ

Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІуэщІэм зэрыщыжаІамкІэ, КъБР-м и аграрнэ комплексым зегъэужьыным федеральнэ центрым къыхуищІ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ. Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыныгъэкІэ къэрал программэр гъэзэщІэным теухуауэ мы гъэм зэращІыліа зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ ди мэкъумэшыщІэхэм федеральнэ бюджетым ахъшэкІыу субсидиеу сом мелуан 816,5-рэ къаІэрыхьэнущ.

РЕСПУБЛИКЭМ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министри и къуэдзэ **Сидорук Татьянэ** кІэлъплъэгъуащ илъэсым и япэ мазихым кърибыдзу ди мэкъумэшыщІэхэм федеральнэ ахъшэу сом мелуан 234,7-рэ къаІэрыІэрыхьэр. Субсидиехэр мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэнущ. Абы хеубыдэ гъэвэр, пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкІыр гъэкІынри, Іэщ лъэпкъыфІхэм, былымым, мэлым, бжэным, джэдкъазым я бжыгъэм хэгъэхъуэнри, жызым хадэщІэхэр хэсэнри. Ахъшэр апхуэдэу трагъэкІуэдэнущ иджыкІэ элитэ жылапхъэхэр къэщэхуным, мэкъумэш страхованэм хиубыдэхэм етыным.

А псоми къыдэкІуэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къыщтащ «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэм нэсыху кьуажэ щІыналъхэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ кьуажэдэсхэм ящыщу ахъшэкІэ зыдэлэныкьунухэм я спискэр. Абы псори зэхэту унагъуэ 82-рэ хеубыдэ. Унэ ящІын е къащэхун папщІэ ахъшэ зыхухахэхэм мэкъумэш Іэнатіэм и Іэщ Іагъэлі щІалэу 30 хэтщ. Мы Іуэхум федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 39,7-рэ, республикэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 33,8-рэ трагъэкІуэдэнущ.

КъаІэрыхьэну ахъшэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэныныжьмкІэ хэкІыпІэхэм я гугъу щищІым, Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Нэхущ Заурбий** зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр, районхэмрэ къуажэхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэр нэхъ быдзу зэпыщІауэ зэрыщытыпхъэр, къэралым и дэІэпыкъуныгъэ кьыІахыну къэлпаІуэхэм я тхьгъэхэм щыхэплъэкІэ икІи зыхуэфащэ унафэхэр кьыщащтэкІэ абыхэм ахъшэр нэхъ фейдэ пылъу къэгъэсэбэпын зэрыхуейр кьыхэзгъэльытапхъэр.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Мэшыкъуэ-2014

Жылагъуэм хуэщхьэпэну Іуэхухэр зи жэрдэмхэр

«Мэшыкъуэ-2014» щІалэгъуалэ зэхьхьэм КъБР-м щыщу кІуэнухэр щыхуагъэхьэзыр зэІущІэ иджыблагъэ Налшык щекІуэкІащ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМ кьахуеблэгъат КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр **Емуз Нинэ.**

- Пэжыр жысІэнщи, хуабжьу сфІэгъэзащІэгъуэну сыкІэлъопльа а зэхьхьэр зэрекІуэжкІынумри фэ абы фызэрыхэтынуми. Гугъу фехьу зэрызыгъэхьэзырыр сощІэри, фи мурадхэр кьыВэхъуІэну сыхуейщ. Ди хабзэ дахэр, гъэсэныгъэ екІур къэнгъэлъагъуэу, фыкъызыхэІам фахуэфащэу зэІущІэм фыхэтыну сыфщогугъ. Фэ ди республикэм фриІыкІуэщ, фринапэщ. Зи зэфІэкІ къэзыгъэлъэгъэну мурад зиІэ дэтхэнэм дежкІи мы зэхьхьэр ІэмалыфЫщи, ар къэвгъэсэбэпыну, зэІущІэр фІы защІэкІэ гукъинэж фщыхьуну сынывохъуэхъу! - жиІащ Емузым.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и департаментым и унафэщІ **КІурашин Анзор** ныбжьыщІэхэр хабзэм тету, жаІэр ягъэзащІэу, Іэсэу зэІущІэм щыІэну иущиящ.

- ИльэситкІу хъуауэ ирагъэкІуэкІ щІалэгъуалэ зэхьхьэр кьызэзыгъэпэщхьэм ди республикэм и лЫкІуэ ныбжьыщІэхэм хуэдэу гъэса, нэмыс зыхэлъ, жыІэщІэ яхэмыту яхьагъащІ, иджыри дыкъэвмыгъэщІэхъуну, ехъулІэныгъэ фиІэу къэвгъэзэжьыну дыфщогугъ, - жиІащ КІурашыным.

Ди республикэм щыщу абы кІуэну ныбжьыщІэ 250-р кьыхахащ. Зэхьхьэ Іыхьитіу гуэшауэ щытынущи, япэм щІыхуи 125-рэ, етІуанэмэ апхуэдизкІуэнущ. Зэрыхабзэщи, гупхэм унафэщІ тІурытІ яІэнущ, ахэр: япэ гупым - Сэбан Заурбэчрэ Уэрыш Залымрэщ, етІуанэм - Дзэнжьк Муратрэ Сурковэ Екатеринэрэщ. Япэ зэхьхьэм хэтыныхэмя проектхэрэ яІыгъыщыщхьэуІум и 4-м Псыхуабэ кІуэнущ, етІуанэ гупыр щежьанур шыщхьэуІум и 10-рщ.

ИпэкІэ екІуэкІа зэхьхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа ныбжьыщІэ куэдым я проектхэр щыпхатэкІри, ахэр зэрагъэзэщІэн мылъку кьратауэ щытащи, иджыри я Іуэху кьикІыну дащоугъу.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.



● Промышленность

Къыпэхъун щыІэкъым

«Къэббалъкъгипс» заводыр зызыужьхэм хабжэ. Абы къыщІигъэкІ продукцэм щІэупщІэшхуэ щиІэщ Урысейм и щІыналъэхэм я мызакъуэу, хамэ къэралыгъуэхэми.

Іуащхьэмахуэ лъапэ кьыщыщІах мывэ лІэужьыгуэм кьыхах гипсыр хуэдэ щымыІэу фІыщ. Іэщ Іагъэлі хэм зэрыжаІэмкІэ, псом нэхърэ нэхъапэр хэмылъыпхъэ хэмылъу «баузу», жыір пхъыкІыу щытыныращи, абыкІэ пэхъун къэгъуэтыгъуэйщ. Дызэрыщыгъуаэзщи, зы ухуэныгъи гипсыр хэмыту ирагъэкІуэкІыркъым. Абы кьыхэкІыу заводым и Іэщ Іагъэлі хэр хущІокъу иджыпей мардэхэм тету лэжьыгъэ кьызэзырахьэлІэм.

Предприятэр екъулІэныгъэ иІэу ядолажьэ Европей техническэ центр щІэрыІуэхэм. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэм я фІыгъэкІэ лажьыгъэм и гъэпсыкІэр йофІакІуэ. Кьыщ Іагъэкі продукцэм и лІэужьыгуэми, зэманым елъытауэ, кьыхах гъахъуэ. Апхуэдэу заводым иІэщ игъэхьэзыр пкъыгъуэхэр Урысейм и щІыпІэ псоми нэгъэсыныжьмкІэ къудамэ. Абы щхэхакІуэхэри куэду кьрешалІэ.

«Къэббалъкъгипс»-м къыщІегъэкІ псыІагъ зищІэзымышэ панелэхэр, газ хэхуэхэщІэхэм кьыщагъэсэбэп, штукатур зэращІ, лъэгуэхэр кьыхэзырагъэжьыкІ, блынджабэхэр захуэ зэращІ гипс лІэужьыгуэхэр, шхэпхэр, пэш кІуэцІхэр зэрызэпаГъэлыкІ панелэхэр, нэгъэщІэхэри.

Гипс мывэр кьыщыщІах щыІпІэм щолажьэ сыткІи Іуэхум хуэгъэпса иджыпей техникэ лъэрызэхьэхэр.

СыткІи зызыужь заводым езым и сату щІыпІэхэри иІэщ. Абы щыхуэхэм Іуэхур ящІэгъэпсынщІэ икІи хьэпІэщыпхэр гъуэтыгъуафІэ ещІ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Фэтэр куэд хъу унэхэм екІуалІэ, абыхэм блэкІ зекІуапІэхэр щыхъэщфІэфІу щагъэбыдэ кьызэрыхъум кьыхэхьІыу Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кІэлъыплъыныгъэ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и Налшык къалэ къудамэм дызэрыт мазэм щІидзауэ къепщытэ мафІэсхэр щагъэункІыфІкІэ къагъэсэбэп техникэр екІуэлІэн папщІэ дэтхэнэ хьэблэми дэт унэхэм я Іуэхур зэрыщытыр.

МафІэсыр кьыщыхъуа щІыпІэм зыхуэфащэ Іэщ Іагъэлі хэмрэ техникэмрэ щІыхуэм я щхьэзыфІэфІагъым кьыхэхьІыу емыкІуэнэхъ мащІэ хъуащ. Абы кьыкІраци, хэхъуэу доллар мелардитхум нэблагъэ яфІэкІуэдащ. Хадзэкіыу кьыІахыр процент 18-м нэблагъэкІэ ягъэмащІэн хуей хъуащ.

Европэ кьэралхэм ящыщ зыбжанэми кьраш пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадзэкІэхэмрэ арэзы укъзэшмыщІхэр яхэтщи, Урысейм я продукцэ лІэужьыгуэхэмкІэ сату щащІыныр абыхэми паубыдыныр зыхуэІуа щІэкъым.

Иджы Польшэм къыІахынукъым

Щыщхьэуіум и 1-м къыщыщІэдзауэ Урысей Федерацэм кърагъэшэнукъым Польшэм къыщагъэкІа хадзэкІэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ.

«Абы и щхьэусыгъуэр - ахэр дуней псом щагъэувамардэм кьызэрримыІаГъэрщ. ЩыІэ хабзэхэр кьызэрызэпаудым теухуа хьыбар дэ мызэ-мытІэу ядгъэщІащ Польшэм и сату Іэхуэщ Іапі эхэм. Пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадзэкІэхэм хэсу кьэкІыгъэхэм, щІыгуфІым зэран хуэхъун кьэпІащІэхэр, абыхэм я хупсэр ди къэралым кьихьэнкІэ шынагъуэ щІыІэщ. Псалъэм папщІэ, абыхэм кьихтуракъашэ кьэбыстэм апхуэдэ кьэпІащІэхэр хэсу къэдгъэуащ», - жиІащ Урысейм мэкъумэшхэкІхэм щакІэлъыпльэ и Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым и дэІэпыкъуэгъу Алексеенкэ Алексей.

Украинэм, Молдавием кьраш хадзэкІэхэм апхуэдэ дагъуэ хуащІри, я ерыскъэкІэ кьыІахыр щагъэтауэ щытащ нэхъапэІуэкІэ.

Польшэм экономикэмкІэ и министерствэм къита бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, Урысейм сатууэ кьыдащІыр мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу процентэ 7,7-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абы кьыкІраци, хэхъуэу доллар мелардитхум нэблагъэ яфІэкІуэдащ. Хадзэкіыу кьыІахыр процент 18-м нэблагъэкІэ ягъэмащІэн хуей хъуащ.

Европэ кьэралхэм ящыщ зыбжанэми кьраш пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадзэкІэхэмрэ арэзы укъзэшмыщІхэр яхэтщи, Урысейм я продукцэ лІэужьыгуэхэмкІэ сату щащІыныр абыхэми паубыдыныр зыхуэІуа щІэкъым.

Хыкхъуэхэм я фІыгъэкІэ

Тенджызхэм, хьхэм зыщызыгъэпскІэм акулэхэр зэратеуэм теуха хьыбархэр иужьрей зэманхэм щІэх-щІэхьыурэ къат хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм.

Апхуэдэ «зэІущІэхэм» щамыІэу, уеблэмэ хэмылъуадэу кьыхэкІыжьыфыр зырызыхэщ. И насыпкърихьэкІри, акулэхэм кьалэІэщІкІащ инджылыз спортсмен Уокер Іэдэм. Псы есыныр зыхилтхъэ щыІэкъым абы. Хы Щэхум хьхъэ псыдэуапІэхэм ящыщ зыммахуэ гуэрым зэпрыскІ пэтрэ абы гу лЫтащ акулэ хужьышхуэм Іуэху кьызэррищІам.

«Сыихьэтиблым щІигъэкІэ сыхэсат псыми, си Іэпкъльэпкъыр ундэрабжьэу хуежьат акулэр кьыщыслъэгъуам. Абдежым зэуэ сщыгъупщэжащ гугъу сызэрехьа псори», - жиІащ иужькІэ Іэдэм.

ЩІэнэм егупсысу хуежьащ ар. Кьигупсысынри, и Іуэхур зыхэкІуэнури тхьэм ещІэт, ар хьхъэуэ гупым кьамыухъуреихьамэ. Хьыхъуэхэм цІыхуэр зэрагъэныбжьэгъуэм фІыуэ щыгъуаэзти, Іэдэм псы Іуфэм кьыхуиунэтІащ и гур и «къыщхьэщыжьакІэ зэхьхьэ» кьызэрагъэгъуэтыжащэ. Апхуэдизкіэ жьыжьэу Іукіат ар псы Іуфэми, сыхьэт пс текІуэдащ ар къесылІэжьным. А зэманми зыкхъуэхэр (ахэр пщІы хъурт) кІэрыкІакъым, акулэри кьрагъэжІэлІакъым.

Журналистхэм кьызэращІамкІэ, Іэдэм «Хибл» псапащІэ Іуэхум куэд щІауэ хэтщ. Акцэр зытеухуар джейжэм лей кьызэрытехьэм, ахэр гущІэгъуншэу зэрызэтраукІэм цІыхуэм гу лъеГъэтэнырщ. Ешьм ищІа Іуэхуфым хыкхъуэхэр кьыпэмыджэжауэ пІэрэ, ар псэущхьэ шынагъуэм кьыІэщІагъэкІыжу?



Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Атлетикэ псынщІэ

Цюрих къыпоплъэ

Атлетикэ псынщІэмкІэ Урысей чемпионату Къэзан щекІуэкІам кьыщыхэхьыныкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ Кучинэ Марие. Ар метр 1,92-кІэ дэлъейри, и хьэрхуэрэгъуэмефІэкІащ икІи дыщэ медаль зыІэриГъэхащ.

Дуней псом и чемпионкэ, Европэм и командэ зэхьхьэхуэм щытекІуа Кучинэ Марие щыщхьэуІум и 12 - 17-хэм Европэм пашэныгъэр кьыщыхьынымрэ теухуауэ Цюрих щекІуэкІыну зэхьхьэхуэм кІуэнухэр кьыщІах ди чемпионатым хэмытыну хуит ящІами, Къэзан зыкъыщымыгъэльагъуэу кьитІэнакъым.

- СызыпэлъэщамкІэ, си текІуэныгъэмкІэ сыарэзыщ! Псори хъарзынэщ. Ямэ увыпІищыр кьэзыхьынухэм сахэхуэн папщІэ Цюрих метритІым щІитІуэм сыщыпэлъэщын хуейщ. Арами, ди лъэхъэнэм кьыттпищыт зэхьхьэхуэ нэхъыщхьэм зыхуэдгъэхьэзырынущ, - жеІэ Марие.

Иджы Акименкэ!

Юниорхэм атлетикэ псынщІэмкІэ Урысей чемпионату США-м щекІуэкІым республикэм щыщ спортсмен Акименкэ Михаил дыщэ медаль щызыІэригъэхьащ.

ЕтІуанэ зещыпытыгъуэм метри 2,24-кІэ дэлъейри, илъэс 18 зи ныбжь прохладнэдэсу зэхьхьэхуэм щытекІуащ. ЕтІуанэ хъуащ Белоруссием и спортсмен Набоков Дмитрий, жэз медальр лъысащ Корее Ипщэм щыщ Ву Саньхок.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● ХъыбарегъащІэ

Налшык теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр илъэс 290-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ, Налшык къалэ администрацэм зэхьзэзхуэ ирегъэкІуэкІ «Налшык. Лъагъунэм и тхыдэ...» и фІэщыгъэ фильм кІэщІ техьныкІэ.

Абы хэтыну ирагъэлагъэ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуэхэм кьыщыщІэдзауэ. Лэжьыгъэхэр щыщхьэуІум и 20 пщІондэ хьэзыр хъун ямылъэкІ. Къалэм теухуауэ нэхъыбІу фильм зыгъэхьэзырхэм щыхъ тхыльпэ саугъэткІэ яхуэупсэнущ, фокІадэм Налшык щекІуэкІыну Іуэхуэгъуэхэми я лэжьыгъэхэр щагъэльэгъуэнущ.

Хьыбар нэхъыбэ къэфщІэнущ **77-22-02**, **77-52-12** телефонхэмкІэ фыпсалъэмэ.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

Къабзагъэм толажьэ

Ди республикэм и жылагъуэ нэхъ къабзэхэм хабжэ Арщыданыр.

● Лэскэн щІыналъэ

«КЪУАЖЭМ и Іуэху зытетыр, уеблэмэ абы щызекІуэ щанхабзэр зыхуэдэр кьозыгащІэр кьабзагъэрщ», - жеІэ кьуажэ унафэщІым и кьуэдзэ Къэжэр Беслъэн.

Нобэ Арщыданым хабзэм кьемызэгъуіу зы пхъэнкІий идзэпІи щыбгъуэтыжьнукьым. Мы щІыпІэм кьабзагъэм тКІийуэ щыкІэлъоплъ икІи абы ехьэлІа лэжьыгъэхэр ГъатхэпасэМ кьыщыщІэдзауэ бжьыхьэ кІасэ хьуху зэпыуркъым.

Жылэм нобэ иІэщ пхъэнкІийрэ кІэрыхьбжьыфхухэмрэ махуэ хэхакІэ уэрамхэм дыхьэурэ къыдэзышІу автомашинэ щхьэхуэ. УнафэщІэм емытІысэхыу кьрахьэлІэ лэжьыгъэр пІуэжьынышІу кьым - кьуажэм и теплъэр дахэщ, зэІуэпэщщ.

Арщыданым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэу Иуаз ФатІимэ зэрыуерз и нэІэ зытет Іуэхугъуэхэм ящыщщ ар псымкІэ нэсу кьызэгъэпэщынри. Абы теухуауи лэжьыгъэ щытах хуэдизкІэ ящІэну ямылъэкІ.

Жылэм и Іуэхуэ ящІэ, ар ЩІэныгъэ зэхуэдэ щыІэ Іуэхуэ ящІэ, ар Іуэхуэ щІыналъэ ящІэ, ар Іуэхуэ щІыпІэ ящІэ, ар Іуэхуэ щІыпІэ ящІэ, ар Іуэхуэ щІыпІ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Хьэгъэщагъэхэм зыдебгъэхьэхи ущыуи хъунукъым

●Абы дегъэпІейтей

Къэралым и адрей щІынальэхэми хуэдэу, Ставрополми ирегъэблагъэ Украинэм зи щхьэр къыщезыхьэжьахэр. Ахэр абы хэзэгъа зэрыльунум, ди гъунэгъу къэралым къыпэплъэм топсэлъыхь пчыгэ щІэныгъэхэм я доктор, Ставрополь щыгу профессор Васильев Юрий.

Шынагъуэ зыпылъ

- Юрий, иджыблагъэ край Думэм щыщ депутат ныбжьыщІиТым къыхалъхьащ ищхьэкІэ щыІэ властхэм мыбыкІэ зыхуагъэзэну: Донецк, Луганск республикэхэр къалъытэну, Украинэм урысыбзэрыпсалъэ щІыхуэр зэрыщыгъэтрауКІэр жаІэну, украиныдзэм щыщ ЛЫуКІэхэм я щІэхэр къраУэну, а къэралым къыІэпхъуКІаХэм тэмэму зыщІагъэхъуэну...

- Политикэ и лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэмэ, абыхэм къыхалъхьэхэр зэранщ, зытещІыхьари щхьэпсынтагъэщ. Урысеймрэ Украинэмрэ мы зэманым ядэтгъагъуэ ебгъапщэ хъунущ къуэш нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ зэрыцэзэауэм. Араущ, ди къэралым къуэш нэхъыжь Іущым хуэдэу зиІыгъщ, хэгъэщагъэхэм зыдригъэхьэхырхым, дунейм щызекІуэ хабзэхэм ткІийуэ тетщ. «Хуэдэчых, уэ унэхъыжьщ, унэхъ губзыгъэщ», - жиІэм хуэдэщ. Абы щыгъуэми, дэ зи щхьэр къезыхьэжьахэм дадоІэплъкъуэ щІ.

Зыщыгъэгъупщэм хуейкъым Украинэр зэрыкъэрал щхьэхуэр. Дэ фашизму, геноциду къэтлъытэр абы, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыжаІэ конституцэ хабзэр зэфІэгъэуцужьмыкІэ ехьэлІауэ ялэжь Іуэхуэгу. Абыхэм я Іуэху епльыкІэр яхъуэжьын папщІэ дунеймпсо хабзэхэр тегъэщІапІэ щІын хуейщ. Урысейр зыгуэркІэ щыуэмэ, НАТО-м и дзэхэр псынщІэ дыдэу Украинэм къишэнущ. ЖытІэнщи, иджыпстуи ягъэхьэзыр къэрал зыбжанэм я щІыхуэхэр зыхэтыну батальоныр.

- ЩІэшэн зауитым я ужькІэ Кавказ Ищхъэрэ республикэхэм кьикІыу Ставропольем къэІэпхъуэ щІыхуэхэр нэхъ мащІэ хъурэкым. Иджы къыхэхъуащ Украинэм щыщхэри. ЩІэч хэлъхьым ди къуэшхэм дадоІэпыкъун зэрыхуейм. Ауэ абы пэлъэщыну ди бюджет уэдыкъуамрэ щІыпІэ властхэмрэ?

- Зыщыдмыгъэгъупщэ зи щхьэ къезыхьэжьахэм ящыщ куэдыр ди щІыналъэм щыпсэухэм я Іыхьлыщ зэрыщытыр. Пэжщ, къэХуахэр (абыхэм я нэхъыбэр щІыхубзхэмрэ сабийхэмрэщ) дзЕпыкъуэгъэу хуэмакъуэщ. Ауэ ахэр дэ къыттехьэлъэну къыщІэкІынукъым. Си гугъэщ зи щхьэр къезыхьэжьахэр властхэм щІыналъэ зэмылЕзужьыгъуэхэм зэрыхагуэшар губзыгъагъэу. ЗэкІэ щІыху 1500-рэ къэІэпхъуэуэ къалъытэ, ауэ ипэжьыпІэкІэ а бжьыгъэр нэхъ инщ: я Іыхьлыхэм я жеК къыщыувЕа куэдым зыщІыпІи зыщрагъэтхакъым. Си щхьэр къезыхьэжьахэм зэкІэ гущІэгъу хуащІ. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екІуэжКІыну? Къатехьэлъэу хуежьэхукІэ. Псэуныгъэм егъэщІыла Іуэхуэзэр зэщІэпІъэнкІэ хъунущ. Псом я дежкІи нэхъыфІт зауэр яухыу езыхэми ягъэзэжамэ.

КъэІэпхъуахэм яхэтщ Іыхьлыгъэр. Сэ сыхуейтэкъым языныкъуэ цІыхухъухэм я унагъуэкэр къагъэІэпхъуэу езыхэр я лъахэр яхъумэну къызэрынами, адрейхэм я унагъуэхэм я гъуэсу къызэрыгъэхуэкІуами сызэреплъыр къэсІуэтэну. ЩІхьэж зыхуейр къыхехыж. КъэкІуа дэтхэнэ цІыхухъуми ІэщІагъэ иІэщ. Абыхэм лэжьапІэ къыхуагъуэтыфамэ арат.

- Ауэ язныкъуэхэр пщІэнпщэу шхэну хуейщ, лэжьэну зи мурадыр мащІэщ. Иджыри зы гражданствэ ягъуэта иужь абыхэм ящыщ куэдыр къулейуэ ущымыпсэуфыну Ставропольер ямыбгынэну пІэра?

- Япэрауэ, сэ къэслъытэркъым ди дежи фЫуэ ущымпсэуфыну. Пэжщ, дэ дыхуитхъым дызыхуеи цІыхухэр хэдгъэзэныху тІыгъыну. Ауэ нэгъуэщІ Іэмалхэри щыІэщ. Псори зэлъытар щІыпІэ властхэрщ, ахэр Іуэхуэм зэрыбгъэдыхьэрщ.

Зэрыщыта хъужьнукъым

- Язныкъуэ украин-националистхэр щэшэн зауитІыр щекІуэкІым боевикхэм жыджэру ядэІэпыкъуащ. Иджы Кавказ Ищхъэрэм щытыкІэр щызэщІамыгъэпльэну пІэра?

- Апхуэдэуи къэхъункІэ хъунущ, ауэ Украинэм и ищІэ-къуэкІыпІэ льэныкъуэм зауэ Іуэхуэкэр щокІуэкІри, националистхэм яхущІыхьэркъым.

- Къырымым школ къыщыхуахъэм Іэмал иратащ еджапІэ нэхъыщІэхэм щІэтЫсхьэну. Ставрополь и еджапІэхэм ар хъатемыхьэлъэну пІэра?

- ЗэкІэ ахэр тлъагъуркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Ставрополь вузхэм я пщІэр ауэ жыжьэуи лъагэкъым, къалащхьэм ейхэм хуэдэу. Араущи, Къырымым и щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щыхьэрым зэрыхьауэ къыщІэкІынущ.

- Украинэм щекІуэкІхэр сыткІэ ныхыну хуэбгъэфащэра?

- СызэригугъэмкІэ, я къэралыр зэрыщыта хъужьнукъым. Ар Іыхьищу зэгуэкІыну къыщІэкІынущ: Киев зи къалащхьэ къучьэпІэу, ипщэ къуэкІыпІэ щІыналъэу Днепропетровск, Запорожье, Кривой Рог, Николаев, нэгъуэщІ-хэр зыхьухьэ курыт щІыналъэу. Курыт Іыхьэр ІэрыхьэнкІэ хъунущ Порошенкэ и жьауэм щІэтыну хуэмей олигарх Коломойскэм. Иджыпстуи абы зигъэпІийкъым - и эрманыр иджыри къэсакъым. Ополченэм хэтхэм къатекІуэмэ, Славянски нэгъуэщІ къалэхэри зэфІагъэувэжьнукъым. НаІуэу зэрыщытщи, а щІыналъэм къыщагъэтащ сланц газ къыщІэшыпІэхэр. Украинэм и властхэр зэлэжьынур ахэраху къыщІэкІынущ.

ПАНКОВЭ Елены.
«Аргументы и факты».

«Властри шейтІанщ. Абы цІыхуэхэр зэІегъэхьэ, зэрыщымыту закъыщегъэхъуж. Ар и чэзум кІызыгурыІуэ цІыхуэр властым къыхохІ», - жеІэ режиссёрым.

«Штраффат», «Завещание Ленина» телефильмхэр, нэгъуэщІхэр зи ІэдакъэщІэкІыр илъэс ещанэ хъуауэ хущІокъу зи сценарийр Арабов Юрий итха «Монах и бес» лентыр трихыну. «ШейтІаныри къызэзымыгъэхъуІэр, - мэдыхьэшх Досталь. - И пщафэр сигъэубыдыркъым, утыкум щошынэ».

Псым зрыдогъэхьэх

- Уи лэжьыгъэм дынэсын и пэкІэ сэ сигу къэзгъэкІыжьну сыхуейт серие 20 хъу уи «Раскол» фильмыр. Уэ тхьэгурымагъуэу укъыщІэкІащ!

- Пэжщ, ди ГъащІэм быдэу къыхьхьхьащ «Раскол» псальэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Солженицыным жиІаи: «XVII лІэщІыгъуэр щымыІамэ, 1917 гъэри щыІэнутэкъым». XVII лІэщІыгъуэм екІуэжКІа Іуэхуэхэм иджыри къэс яжь къытщІеху. Абыхэм цІыхубэр зэщхьэщагъэкІ къулейрэ къулейсызу, цІыху къызэзрыгъэкІрэ къулыкъущІэу... XVII лІэщІыгъуэр зэблэкІыгъуэу щытащ (Урысейр Курыт лІэщІыгъуэхэм я лъэхъэнэм къыхэкІырт). Абы зэрыхьэрийкІэ еджэрт: Гъуэплъэ зэщІэхьеенигъэ, Разин Степан къиІэтахэр. Ауэ нэхъыщІхэр Урыс православнэ диныгъэ зэщІэщІэкІарщ.

Мы фильмым щІэнгъуаз къалэни иГъэзэщІащ: старообрядцхэр зищІысхэр къыдгуригъэІуащ - ахэр сектантэхъэм, диным епщІахэкъым, атІэ зи фІэщхъуныгъэр зыхъумэ (уеблэмэ нэхъ бэшэчу) цІыхуэщ. Зи гугъу ямыщІу щыта пащтыхьхэу Алексей Михайловичэ Фёдор Алексеевичрэ зэрыщыІар дигу кьигъэкІыжащ. БлэкІам и мывэхэр къэкІуэнум и лъэмыжщ. ИкІи дэ а мывэхэм дримыкІуэмэ, дызыгъэлъэпэрапэр къыдгурымыуэмэ, ди лъакъуэхэр зэ къэзыуІа пхъэІэпэхэм дяпэкІи куэдрэ датеувэнущ.

- Сыт щыгъуэм пхъэІэпэхэм дызэрыфІэувэр хэт зи ягъэр: власт-хьэмэрэ дэра?

- Дэрауэ къыщІэкІынущ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, властым къыгурОуэ жылагъуэм и пэр здигъазэр. Абыкіи еунэтІ. Абы къыхэкІыу дэ нэхъ набдзэгубзапльэу дахущытын хуейщ властым, тепщэгъэр зыІэщІэлъэхэм. АрщхьэкІэ дэ псыежэхэм зыбгдэгъэхьэх. Зэпымыууэ жыдоІэ: «Зауэ къэмыхьу куэдиімэ, арат!»

- «Монах и бес» фильмым и сценарийм ящхъуэдизу уигъэкъэщащ, нэгъуэщІ телефильмхэр бгъэувын бдэжьырхъым. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Кирилло-Белозёрскэ музей-заповедникырщ «Раскол» фильмыр щытетхар. Сэ абы щыгъуэ сыщыІащ Нило-Сорскэ щыІэнэщІым, Нил Сорскэмрэ абы и хэщІапІэу щытам щыпсэуэхэмрэ ятеуэуа тхьылъэр зэхуэсхьэсащ. Абыхэм ящыщ зыр, Шапошников Иван Семёновичи, XIX лІэщІыгъуэм псэущ, тхьэгурымагъуэт, цІыхухэм еІэзэрт. Иужькіэ Новгородышхэу сыкІуаеу Новгородскій Иоанн (ар щихъыу къалъытат) теухуа тхьылъ седжащ. Монах ныбжьыщІэ Иоанн и Іэхэр итхьэщІу шейтІан кьиубыдат. Ар хуабжьу къеклыгъуэу щытащ (Урысейр Курыт лІэщІыгъуэхэм я лъэхъэнэм къыхэкІырт). Абы зэрыхьэрийкІэ еджэрт: Гъуэплъэ зэщІэхьеенигъэ, Разин Степан къиІэтахэр. Ауэ нэхъыщІхэр Урыс православнэ диныгъэ зэщІэщІэкІарщ.

Мы фильмым щІэнгъуаз къалэни иГъэзэщІащ: старообрядцхэр зищІысхэр къыдгуригъэІуащ - ахэр сектантэхъэм, диным епщІахэкъым, атІэ зи фІэщхъуныгъэр зыхъумэ (уеблэмэ нэхъ бэшэчу) цІыхуэщ. Зи гугъу ямыщІу щыта пащтыхьхэу Алексей Михайловичэ Фёдор Алексеевичрэ зэрыщыІар дигу кьигъэкІыжащ. БлэкІам и мывэхэр къэкІуэнум и лъэмыжщ. ИкІи дэ а мывэхэм дримыкІуэмэ, дызыгъэлъэпэрапэр къыдгурымыуэмэ, ди лъакъуэхэр зэ къэзыуІа пхъэІэпэхэм дяпэкІи куэдрэ датеувэнущ.

- Сыт щыгъуэм пхъэІэпэхэм дызэрыфІэувэр хэт зи ягъэр: власт-хьэмэрэ дэра?

- Дэрауэ къыщІэкІынущ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, властым къыгурОуэ жылагъуэм и пэр здигъазэр. Абыкіи еунэтІ. Абы къыхэкІыу дэ нэхъ набдзэгубзапльэу дахущытын хуейщ властым, тепщэгъэр зыІэщІэлъэхэм. АрщхьэкІэ дэ псыежэхэм зыбгдэгъэхьэх. Зэпымыууэж

Адыгэ лъэпкъ балетым и дыгъуасэрэ и нобэмрэ 50

Министр Ефэнды Джылахъстэн. *1976 гъэ*

Псори къыщежьар Джылахъстэн и дежщ

Проценкэ Александр, Гъубжокъуэ Болэт, Хьэкъул Розэ, Къардэн Борис, Архэст Хьэсэнбий, Энеев Тlэхьир, Кузнецов Юрэ, Кубарь Николай, Молэ Риммэ, Амщокъуэ Хьэужан, Беслъэней Рае, Дашу Мухьэмэд, Абыдэ Арсен, Сэбаншы Фатlимэ, Бэдзокъуэ Хьэзрэт, Белокопытовэ Галинэ, Имам Нинэ, Величкэ Галинэ, Бекъалды Ахьмэд, Чуякъуэ Юрэ, Хьэмырзэ Мухьэмэд, Жьэкlэмыхъуэ Малил... Мы цlыхухэм я цlэунэцlэр уахъытыншэ хъун хуейщ. Кавказ псом, апхуэдэ зыми ямыlэххауэ, япэу лъэпкъ балетым и лъабжьэ щагъэтlылъащи.

Псори къыщежьар, дызэрыщыгъуазэщи, республикэм щэнхабзэмкlэ и министру а зэманым лэжьа Ефэнды Джылахъстэн и жэрдэмырщ. Цlыху гумызагъэм и мурадхэр къыдиlыгъат СССР-м и Театр Иным и артисту лэжьа, Таджик Республикэм балет труппэ къахуэхъуэсыгъэ щыта, ди лъахэгъу Проценкэ Александр. Москва щыщ композитор щlалэ Коган Лев и макъамэ щlэлъу 1964 гъэм мэлыжьхьым и 28-м Проценкэм «Палуцэ» япэ лъэпкъ балетыр Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щигъэлъэгъуауэ щытащ. А махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ балетым и махуэшхуэ хъунар и и хъуэпсапlэр Проценкэм.

Апхуэдэу, илъэс дэкlри, мэлыжьхьым и 28-м налшыкдэсхэм ялъэгъуащ Асафьев Борис и «Бахъшысэрей псыутх» балетыр ди къэфакlуэхэм ягъэзащlэу. 1966 гъэм «Дахэнагъуэ» етlуанэ лъэпкъ балетым утыку игъуэтащ. Либреттэр Проценкэ Александр итхат, музыкэр зейр Коган Левт. 1967 гъэм мэлыжьхьым и 28-м аргуэру зы премьерэ - дунейпсо классикэм и фlыпlэ «Къыу гуэл» (Чайковский Пётр) балетыр.

1968 гъэм мазаем Налшык лажьэу щыщlидзащ оперэ, балет, опереттэ къыхэщlэзыубыдэну Музыкэ театрыр. Ар къызэlуахащ «Iэминат» ещанэ лъэпкъ балетымкlэ.

Зи цlэ къитlуа балетхэм нэмыщl, 1964 - 1990 гъэхэм къриубыдэу балет труппэм игъэуващ Герольд Луи и «Тщетная предосторожность», Прокофьев Сергей и «Золушка», Гуно Шарль и «Вальпургиева ночь», Пуни Цезарь и «Эсмеральда», Адан Адольф и «Жизель», Шостакович Дмитрий и «Барышня и хулиган», Минкус Людвиг и «Дон Кихот», Молэ Владимир и «Легенда гор», Жеттеев Мустафирр Дружинин Владимирр я «Легенда Чегемского водопада» спектаклхэр, нэгъэщlэхэри.

Лъагъуэр хэзышахэр

Хьэмырзэ Мухьэмэд, Энеев Тlэхьир, Абыдэ Арсен, Зэхъуэхьу Сэлэмэт, ди гъэсакlуэ Проценкэ Александр сымэ - куэд яхуэзэфlэкlащ мыбыхэм...

ЩЭНХАБЗЭМКlЭ министр Ефэнды Джылахъстэн и жэрдэмкlэ, 1963 гъэм и кlэхэм республикэм лъэпкъ балет къыщызэрагъэпэщыну яубыхуэт. Проценкэ Александр къуажэхэмрэ кьалэхэмрэ кlуэурэ балетым и артист хъунухэр къыхишырт. Щlалэгъуалэр щыгуфlыкlырт а хъыбарым, ауэ языныкъуэхэм я адэ-анэхэр гъэсакlуэм къыпэувырт, я бынхэр ятlыпщын ямыдэу...

Езы Проценкэр Май кьалэм щыщт. Ар екъулlэныгъэхэр зиlэ цlыхушхуэт, Театр Иным щылэжьат. Иджы абы къыхиш щlалэгъуалэм лъэпкъ балетыр зэфlагъэуфэн хуейт. Кьыхэгъэщlпхъэщ, абыхэм я нэхъыбэр къуажэхэм щыщу къыхэзыщlэкlар.

Нартан интернатым балет класс иlащ, си адэ Дашу Хьэшыр абы щlыкlуэр щигъасэу. А классырщ балет труппэм къыхыхьа Хьэмырзэ Мухьэмэд къызыщlэкlар. Гундэлэн щыщ Энеев Тlэхьир къэфэн фlэфlти, республикэм и кьалащхьэм езыр кьакlуэри, культпросветучилищэм щlэтlысхьат. Абы и зэфlэкlыр Проценкэ Александр къыщилъагъуэм, ари и гупым хигъэхьащ. Икъукlэ егугъуу икlи тklийуэ къэфакlуэхэр къыхихырт абы щыгъуэм Александр.

Кьардэн Борис, Архэст Хьэсэнбий, Бекъалды Ахьмэд, ЖьэкlэмыхъУ Мэлил, сэ, Горковенкэ Василий... Иджы къезбгэкlа щlалэхэр балигъ дыхъуагъэщ балетым дыщыхьхьар. Абы къыхэкlыуи, адрейхэм хуэмыдэу, нэхъыбэжэрэ дылажьэн хуейт. Кьапщтэмэ, хореографие еджапlэм илъэси 8-кlэ ущеджэн хуейщ, ауэ дэ къыттпэщылъыр - илъэсищым и кlуэцlкlэ псори зэдгъэщlэжьынырт. КъэфакIуэр Iэкlуэлъакlуэу, лантlэу зэрыщытыпхъэр дэ фlыуэ кьыдгурыlуэрт, арщхьэкlэ зыкъомым зыри пхуещlэжьнутэкъым - Iэпкълъэпкъыр куэд щlауэ зэрыубыдати. Хьэсэнбий, зэпlэзэрыту къэгъэлъэгъуапхъэ тепльэгъуэхэр мыкlэкlэ кьыгуэдуэ хуэдэ дыкъафэрт. Ауэ, зыгъэкlэрэхъуэн, дэльеин жыпlамэ, тlуащlэщащlэу псори здгъэхъулlэрт.

Пщэдджьжьым сыхьэти 8-м лэжьэн щlэддэкlрт, шэджагъуэм мащlэу зыдгъэпсэхурти, пщlэнтlэпсыр еткъуэкlыу пщыхьэщхьэ хъухункlэ зыдгъасэрт. А лэжьыгъэхэм я фlыгъэщ армэм сыщыдэкlам Германием щыlа советыдзэ гупхэм уэрэдымрэ къафэмкlэ я ансамбль лъэщым сызэрыхэтар.

... Лъэпкъ къафэхэр зи лъабжьэ хуэмурэ, «Дахэнагъуэ» балетхэм екlуу дыкъыщыфэрт. Ятlэ лъэпкъ балетыр щыдгъэлъэгъуарат гуимыхужьыр, кьытщыхъурт Театр Иным и утыку дитауэ. «Лалуцэм» еплъахэм тlэу-щэ абы кьытезыгъэзэжи кьаухэкlырт, кьужажьэуэ кьаффэм и дэтхэнэ «налъэми» нэхъуеинщэу деплъырт. Бугъэпсэхуакlуэ мэзым дыкlуамэ, абдежи дызытепсэлъыхьыр ди лъэпкъ балетырт.

Балъкъэрхэм ящыщу балерон ятlэ дыдэу хъуауэ щытар Энеев Тlэхьирщ. Ар зэкlуэкт, щlалэ дахэт: плlабгъуэт, бгы псыгъуэт, лъакъуэ захуэт. Проценкэ Александр сыт щыгъуи абы ирит ролыр лlыхъужьщlасэлым ейм хуэдэт. Адрей си ныбжьэгъу Мухьэмрзэ Мухьэмэд нэхърэ нэхъыфlу «Къыу гуэл» балетым ажэгъафэм и ролыр зыми щигъэзэщlэфу щытакъым. Ар мафlэт, укъигъэуIэбжь трюк гъэщlэгъуэн куэд хуэщlырт. Хьэмырзэр «Кабардинка»-м зыхагъэхъэну къехуапсэрт, уеблэмэ ар зы зэманкlэ абыхэм кьайхъуlат.

Дэ кьыдыгурыlуэрт а зэманым республикэм балетым зыщиужьыхьэнымэ, ар лъэпкъым и гъэзджэм нэхъ тегъэщlауэ щытын зэрыхуейр. ИтIанэми, классикэ къафэм хуабжьу зезыщlатхэзэ ди гъэзджэр, дауэ ди жагъуэ мыхъуми, зы зэманкlэ тфlэжьыхьыжьауэ щытащ.

ДАШУ Мухьэмэд.

«Жизель» балетым и зы теплъэгъуэ.

Зы цlыхум и зэфlэкlыр

Проценкэ Александр ди Псыгуэсу школми къэкlуауэ щытащ, къэфакlуэ хъунухэр щlалэгъуалэм кьытхишыну.

СЫТ ХУЭДЭУТ къызэрыхишри?! Еплъыт Iэпкълъэпкъым и зэхэлъыкlэм, уи лантlагъым. Ди еджапlэм щыщу абы цlыхуитху кьыхихат, сэри абыхэм сащыщт. 6-нэ классым сыщlэст сэ абы щыгъуэм. Балет къафэм хьыхьну кьыхахахэр кьытхуагъэлъэгъуа мазаем Налшык щылъэзэхуэсащ. Iуэхр щекlуэкlыр Къэбэрдей уэрамым тет «Кавказ» рестораным и зы пэшышхуэрт. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкlэ и ансамблми зыщигъасэрт. Абдежи иджыри зэ къыщыдэплъыжьа нэужь, зыкъом пазэхужащ, цlыху 30 хъун дыкьанэри. Ятlэ щыкlэ къэфакIуэхэр музыкэ училищам и общежитым дыщlэсащ, балет классыр Совет уэрамым (иджы Кlыщокъуэм ейм) тета Лъахэхутэ музейм щылэт. Иужькlэ, культпросветучилищэм хореографиемкlэ къудамэ къыщыщlэлуахьну унафэ щащlым, абыкlэ проценкэ дагъэкlуэжащ: курыт щlэныгъи зэдгъэгъуэзыт, балет гъуэдзэжьыгъэ, хэмурэ дыздгъэуазэрт. Балетым, ди ныбжькlэ къапщтэмэ, гуват дыщыхьихьам, абы кьыхэкlыуи дызыщымысхьыжу дызэлажьэкьырт. Кьафэмрэ ди къарурэ зэфlэкlымрэ абы зэрыщыхэдгъэхъуэныжьрэ фlэкlа заим дегупсысыжьыртэкъым. Ауэдэу диунэтlыфырт ди гъэсакlуэ Проценкэ Александр.

Проценкэ зи IуэхумфIыуэ хэзыщыкlэ Iэщlагъэлlт. Училищэм лэжьыгъэшхуэ щигъэкlыжкlми, Налшык интернат №1-ми хореографиемкlэ школ къыщызэIуихыфат. Абы екlуалIэ сабийхэр ди спектаклхэм роль цlыкlуэхэр щагъэзэщlэну кьыхигъэхьэрт.

Зэгъэпэщат ди фащэри. А зэманым Чернышевскэм и уэрамым «Дом быта» унэшхуэр щылажьэу щытащ. Абы артистхэр дагъакlуэри, утыку дызэрихьэну фащэ дахащэхэр тхуграгъэдат. 1964 гъэм мэлыжьхьыхьм и 25-м Щэнхабзэмкlэ ди министерствэм и къэпщытакlуэ гупыр еплъащ спектаклыр зэрыхьэзырым, махуитlдэкlри, «Палуцэ» япэ лъэпкъ балетыр утыку иlащ.

Лъэпкъ балетыр щызэфlэува а илъэсхэр куэдрэ сигу кьокlыжьк. Балет труппэм илъэс къэскlэ спектаклыщlэхэр дгъэлъагъуэрт икlи дапщэщи цlыхухэр гуапэу кьытlуащlэрт. Балетым 1985 гъэм сыкъыхэкlыжащ. Сигу кьоуэ а лъэхъэнэхэм дгъэлъэгъуа балетхэр сурэту фlэкlа видео тграхэуз зэрыщыкlыжар. Сыт хуэдиз образ къэдгъэщlат, а псор ди гъэсакlуэм и фlыгъэт. Фlыщlэ хуэфащэщ Вэрохуэ Владимири. Абы и жэрдэмкlэ «Легенда Чегемского водопада» балетым щыщ пычыгъуэ Хьэкъул Розэрэ сэрэ дгъэзащlэу фlыгъэм кьыттрахауэ щытащ. Мис ар а зэманхэм я фэеплъу щыlэжщ...

КЪАРДЭН Борис,
КъБР-м щlыхь зиlэ и артист.

Архэст Хьэсэнбий «Жизель» балетым щоджэгу.

Дахагъэр утыку къивгъэхьэ!

Совет балетыр ящыщщ ди лъэпкъ щэнхабзэм зыIэригъэхьа екъулIэныгъэфIхэм. Ар зыужьыныгъэм и гъэзэгу, Iуэхугъуэшхуэт. Классикэ къафэр гурэ псэкlэ зыхэзыщlа щlалэгъуалэр республикэм и мымащlэу къыщlэкlат. Абыхэм ящыщт Архэст Хьэсэнбии.

Адрей куэдым яхигъэфlыкlыу абы зы сурэт иlэщ. «Мыр Адан Адольф и «Жизель» балетым и япэ актым щыщщ, «сцена сумасшествия» зыфlащагащ, - сегъэлъагъу сурэтыр. - Си нэпсыр къыщlэжьыт мыбдеж, апхуэдизкlэ игъэлъагъуэр зыхьыигъащlэу Хьэкъул Розэ джэгуртри. Ар зэфlэкlэу Iупхъэуэр щыхэзыуащlыжам, дыщытт дымыбауэу, дымыртэкъым адэкlэ пэшым щlэсхэри. Къэхъуар тщlэртэкъым. «Сценэр зэIуфх», - жаIэу цlыхухэм дыщыхагъэпльэжьым, къызэрыщlэкlамкlэ, псори зэщlэтэджауэ арат, жаIэнIаи къаухуэмыгъуэту, загъэхъеини шынэ хуэдэ. Иужьым, зыкъзэрыщlэжа гъэрым Iэгу еуэн къыщIидзэри, ахэри дэри «дыкъэпсэужат».

А спектаклыр Архэстым япэу «вживую» жыхуаIэм хуэдэу щилъэгъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ игъэлъэгъуэну Ригэ щыкlуа 1968 гъэрщ. Абдеж ирихьэлIэу Хьэсэнбий хунэсат «Палуцэми» «Бахъшысэрей псыутхми» щыджэгуну. Иджы езым къэпщlыпт «Жизель» балетым и зэфlэкlкlи щыгъэлъэгъуэну. «Балетым щыщу - Хьэкъулымрэ сэрэ, Уэрэдымрэ къафэмкlэ ансамблым хэтхэу Соттаев Къаншауэрэ Шэру Сонярэ, республикэм и лIыкlуэхэм я гъусэу, декадэм драгъэблагъауэ арат, - игу къегъэкlыж нэхъыжьым. - Оперэмрэ балетымкlэ Ригэ театрым «Жизель»-р а махуэхэм щагъэлъэгъуэну си тхьэкlымэм къыщицырхьам, сызытекlуэри си къалэнхэри сщыгъупщэжат, сызыкуэйр а спектаклыр ззэгъэлъагъун закъуэрт. Псалъэкlэ къысхуэIуэтэжыныкъым абы щыгъуэм сэ зыхэсщlар. Республикэм сыкъэкlуэжауэ сыкъэзыгъуIэбжьа балетым Проценкэ и гуГу щыхуэсщlым: «А что, вполне возможно», - жиIэри щIагъыбзэшхуэ щIэлъу жэуап къызитат. Илъэс зыбжанэ дэкlауэ, ар дигъэгъуэвауэ щытащ...»

- Хьэсэнбий, иджыри сыт уигу къэкlыжрэ лъэпкъ балетыр щызэфlэува илъэсхэм уащыхуеплъэкlыжкlэ?

- Зи ныбжьыр илъэс 14 - 15 хъу щlалэгъуалэр Проценкэ Александр 1960 гъэм республикэ псом дыкъыщыхишым, ди къэкlуэнур а зы лIым иубзыхуэ хуэдэт. Ноби согъэщlэгъуэж сэ сызыщlэс классым си закъуэ фlэкlа къызэрызимыхар... Сэ лъэпкъкlэ сызыщыщыр Хьэтlохъущыкъуейщ, ауэ абы зэи сыдэсакъым. Зауэ нэужьым ди адэр Тырныауэ Iэпхъуати, а жьлэм дыкъыщыхъащ. Иужьыжкlэ, Бахъсэнкlэ дгъаэзри, аращ Проценкэ сыщрихьэлIари. «Школым комиссэ къокlуэ щыжаIэм», - япэ щыкlэ щlалэхэм кlэбгъу зытщыну дыхэтами, кьыдагъэгъэззэкри, дэри кьытхагъэплъат. Зыри жьыигъэIэрэткъым гъэсакlуэм, езым унафэ ищlуэрэ макъамэ зэрызэхэтхри, ди Iэпкълъэпкъым и лантlагъэри зригъэлъагъут...

«Палуцэ» лъэпкъ балетыр япэу дгъэлъагъуэри, илъэс къэсыху зы спектакль хэдгъахъуэурэ илъэс 15-м и кlуэцlкlэ балет труппэм кьафэ хъарзынэ куэд дгъэзащlэ хъуат. НэхъапэIуэхэм зыкъыщыдгъэлъэгъуэну диIэр Къэбэрдей театрыр. Зэ, тlэу убакъуэмэ дыззэрыт сценэр кьэбух пэтми, зыгуэрурэ зидгъэзагъэрт. 1968 гъэм Музыкэ театрыр кьыщызэIуахам, ди гум жьы дихужат.

Москва и Театр Иным кьикlыурэ къэпщытакlуэ гупхэр ди лэжьэкlэм еплъырт. Апхуэдэ зым кьрихьэлIат цlыхубэ артисткэ цlэрыIуэ Мессерер Суламифь. Дгъэзагъэуэр Асафьев Борис и «Бахъшысэрей псыутх» спектаклырт. Абы Заремэ и ролыр щигъэзащlэрт Хьэкъулым, лIыхь щlалэ Вацлавэу сэ сыджэгуртэ. Драмэ гъэпсыкlэ Хьэтlохъущыкъуейщ, ауэ абы зэи сыдэсакъым. Зауэ нэужьым ди адэр Тырныауэ Iэпхъуати, а жьлэм дыкъыщыхъащ. Иужьыжкlэ, Бахъсэнкlэ дгъаэзри, аращ Проценкэ сыщрихьэлIари. «Школым комиссэ къокlуэ щыжаIэм», - япэ щыкlэ щlалэхэм кlэбгъу зытщыну дыхэтами, кьыдагъэгъэззэкри, дэри кьытхагъэплъат. Зыри жьыигъэIэрэткъым гъэсакlуэм, езым унафэ ищlуэрэ макъамэ зэрызэхэтхри, ди Iэпкълъэпкъым и лантlагъэри зригъэлъагъут...

«Палуцэ» лъэпкъ балетыр япэу дгъэлъагъуэри, илъэс къэсыху зы спектакль хэдгъахъуэурэ илъэс 15-м и кlуэцlкlэ балет труппэм кьафэ хъарзынэ куэд дгъэзащlэ хъуат. НэхъапэIуэхэм зыкъыщыдгъэлъэгъуэну диIэр Къэбэрдей театрыр. Зэ, тlэу убакъуэмэ дыззэрыт сценэр кьэбух пэтми, зыгуэрурэ зидгъэзагъэрт. 1968 гъэм Музыкэ театрыр кьыщызэIуахам, ди гум жьы дихужат.

Москва и Театр Иным кьикlыурэ къэпщытакlуэ гупхэр ди лэжьэкlэм еплъырт. Апхуэдэ зым кьрихьэлIат цlыхубэ артисткэ цlэрыIуэ Мессерер Суламифь. Дгъэзагъэуэр Асафьев Борис и «Бахъшысэрей псыутх» спектаклырт. Абы Заремэ и ролыр щигъэзащlэрт Хьэкъулым, лIыхь щlалэ Вацлавэу сэ сыджэгуртэ. Драмэ гъэпсыкlэ Хьэтlохъущыкъуейщ, ауэ абы зэи сыдэсакъым. «Мыр Москва щывгъэпсэгъуэн хуейщ. Спектаклыр нафшэ. Мыпхуэдэ республикэ цlыкlум дауэ хуэзэфlэкlа мы тельыджэр?!» - жиIат игъэщlагъуэу...

Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэми, къапщтэмэ, Урысей псоми, дыздэщымыIа къэмыхъуауэ, ди ди балет кьафэхэр щыдгъэлъэгъуащ. Ди гъэпсыгъу щыналъэхэм езыхэм лъэпкъ балет зэрамыIэм кьыхэкlкlэ, ину дагъэтырт, дагъэгушхэрт.

- Къыу 24-рэ къыщыфэ «Къыу гуэл» спектаклыр, уэ езым зэрыжьыпIащи, Къэбэрдей театрым и тутыку щыкlуэм дауэ къифхьэфат, ари ныкъусаныгъэншэу, щыкlуми инми ягу дыхьауэ?

- Балет гъуэзджэм куэд щlелъытащ прима-балеринэм. Ар щапхъэ хъууэ и дахагъымрэ Iэзагъымкlэ мыдрейхэр и ужь иригъэувэн хуейщ. Апхуэдэу дэ диIащ Хьэкъул Розэ. Ар пашэт, дахэм я нэхъ дахэт, и зэчийр гъунапкъэншэт. Уеблэмэ еджакlуэ Москва щыкlуам, экзаменым кьыщеупщlат: «Къафэмкlэ сыт хуэдэ школ къэбухар, Ваганскэра, хьэмэрэ дыдейра?», - жаIэри. «Хьэуэ, - жуал итащ Розэ. - Проценкэ Александр и школырщ». А хуэджэбзым балет труппэр дыдэплъейрти, дыщыыэртэкъым, спектаклхэри кьыщыщдэмыхъулIэн щхьэузыгъуэ кьыхэдгъэкlыртэкъым. А псор и фlыщlэт Проценкэм, гурэ псэкlэ а гъуэзджэм абы дришэлIат.

- АтIэ, «Къыу гуэл» спектаклыр иджырей балет труппэм хуэгъэувыну кьыщыхьурэ?

- ЯкуэзфIэкlыну си гуГъэкъым.

- 2013 гъэр купщlафIэу щытащ балет къафэм дежкlэ, «Ашэмэз и бжьамиир», «Гимн восходящему солнцу» спектаклитIыр зэкlэлъхьэужьу иджыпсту балет труппэм и балетмейстер Пащlэ Раметэ игъэуври. Уеплъауэ пIэрэ абыхэм, сытхэм гу лъыпта?

- Дызыхуэзэща балет къафэщ ахэр. Пьэпкъ гупсысэрэ дахагъэкlэ гъэнщlауэ сыкlупльащ. Аращ утыкум итщ хуейри - дахагъэрщ. Балетым нэхъ гуГу гъуэзджэм хэткъым. Мы зэманым ар къэзыгъэзэрыпхъуэф гуп хъарзынэ диIэу гу лъыстащ, ауэ балетыр хэмыкlуэдэжьи щхьэкlэ, а гъуэзджэм щlэблэ хуэгъэзэщlрыпхъащ.

- Сыт хуэдэу пльагъурэ лъэпкъ балетыр, зы илъэс 20 дэкlауэ къызэщыщыбгъэхьэуми?

- Сыщогугъ щlэрэщlэну, зиужьыну, фIыцрэ дахагъэмрэ щlапlыкlа щlалэгъуалэ куэд кьигъэтэджыну.

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Хьэкъул Розэ и щапхъэ

«Ди Плисецкэ» жаIэу яIэтырт Хьэкъул Розэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ балетым и напэт, и набдзэт. «Сэ сыхуейщ сыкъэщыщхъуа республикэм щыпсэухэм езыхэм я гъуазджэрэ щэнхабзэрэ яIэжрэ дуней псом ар щызыгъэлъэгъуэф лъэпкъыщ къытIуплъэну. Абы щыгъуэщ ди зэфIэкIыр къэщlалъытэнур». Апхуэдэу жиIат илъэс 12-м щыщlэдзауэ егъэджакlуэ нэхъыфI дыдэхэм я деж къэфэнэм зыщыщхъуэзыгъэса балеринэм.

ХЫМИ, псыми, дунейми щlэдзапlэ зэрапlэм хуэдэу, Хьэкъул Розэ балет гъуазджэм зы лъагъуэ гуэркlэ техьащ. Налшык кьалэ дэт курыт еджапlэ №2-м и ебланэ классым къыщlыхьэу Проценкэ Александр къэфэным хуигъэсэну ныбжьыщlэхэр къыщlихьым, псоми абыхэм ящыщ зы хъуат. Зэрыжьагъэкlымкlэ, хъыджэбзыр япэ махуэхэм щегъэжьауэ лъэпкъ гъуазджэмрэ классикэ къафэхэмрэ гурэ псэкlэ бгъэдэту, адрейхэм зэрефJэкI Iэзагъ хэлъу щытащ. Иджыри щеджэм Хьэкъулымрэ Къардэн Борисрэ псалъэныкъуэ бжьафэ щыпсэгурыIуэу, гъэщlэгъуэну зыр адрейм и балет къэIуэтэкlэм пэджэжу ежьат. Арауэ къыщlэкlынт абыхэм «Палуцэ» япэ лъэпкъ балетыр кьащlехъулIар. Адыгэ Iуэрыдуэтэмрэ лъэпкъ литературэмрэ я лъабжьэу республикэм къыщыыгэхуа балетхэм - «Палуцэ», «Дахэнагъуэ», «Легенда гор» - роль нэхъыщхьэхэр культпросветучилищэр екъулIэныгъэфIхэр иIэу къэзыуа балеринэ ныбжьыщlэ Розэ зэрыхуагъэфэщам хуэдэу, абыхэм къакlэлъыкlуа «Дон Кихот», «Жизель», «Шопениана» спектаклхэми абы образ нэхъ пажэхэр щигъэзэщlащ.

Театр гъуазджэмкlэ Луначарскэм и цlэр зезыхьэ къэрал институтым Розэ и къэухьым зыщригъэужьащ СССР-м и цlыхубэ артистэ, совет балетым и «вагъуэ» Стручковэ Раисэ. Апхуэдэуи а еджапlэм абы щызригъэцlыхуащ Семизоровэ Нинэ, Пилпэ Марио, Гулиев Юрий, Максимовэ Екатеринэ, Васильев Владимир, езыр иужькlэ зыхуагъэда Плисецкая Майе сымэ. 1965 - 1967 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием щылэжьащ. А зэманхэм ирихьэлIэущ КъБАССР-м и Музыкэ театрыр къызэрызэIуахыну спектаклхэм жьыджру абы и гуащlэкlэ къыгуэду хуэдэ дыкъафэрт. Ауэ, зыгъэкlэрэхъуэн, дэльеин жыпlамэ, тlуащlэщащlэу псори здгъэхъулIэрт.

Пщэдджьжьым сыхьэти 8-м лэжьэн щlэддэкlрт, шэджагъуэм мащlэу зыдгъэпсэхурти, пщlэнтlэпсыр еткъуэкlыу пщыхьэщхьэ хъухункlэ зыдгъасэрт. А лэжьыгъэхэм я фlыгъэщ армэм сыщыдэкlам Германием щыlа советыдзэ гупхэм уэрэдымрэ къафэмкlэ я ансамбль лъэщым сызэрыхэтар.

... Лъэпкъ къафэхэр зи лъабжьэ хуэмурэ, «Дахэнагъуэ» балетхэм екlуу дыкъыщыфэрт. Ятlэ лъэпкъ балетыр щыдгъэлъэгъуарат гуимыхужьыр, кьытщыхъурт Театр Иным и утыку дитауэ. «Лалуцэм» еплъахэм тlэу-щэ абы кьытезыгъэзэжи кьаухэкlырт, кьужажьэуэ кьаффэм и дэтхэнэ «налъэми» нэхъуеинщэу деплъырт. Бугъэпсэхуакlуэ мэзым дыкlуамэ, абдежи дызытепсэлъыхьыр ди лъэпкъ балетырт.

Балъкъэрхэм ящыщу балерон ятlэ дыдэу хъуауэ щытар Энеев Тlэхьирщ. Ар зэкlуэкт, щlалэ дахэт: плlабгъуэт, бгы псыгъуэт, лъакъуэ захуэт. Проценкэ Александр сыт щыгъуи абы ирит ролыр лIыхъужьщlасэлым ейм хуэдэт. Адрей си ныбжьэгъу Мухьэмрзэ Мухьэмэд нэхърэ нэхъыфIу «Къыу гуэл» балетым ажэгъафэм и ролыр зыми щигъэзэщlэфу щытакъым. Ар мафIэт, укъигъэуIэбжь трюк гъэщlэгъуэн куэд хуэщlырт. Хьэмырзэр «Кабардинка»-м зыхагъэхъэну къехуапсэрт, уеблэмэ ар зы зэманкlэ абыхэм кьайхъуlат.

Дэ кьыдыгурыlуэрт а зэманым республикэм балетым зыщиужьыхьэнымэ, ар лъэпкъым и гъэзджэм нэхъ тегъэщlауэ щытын зэрыхуейр. ИтIанэми, классикэ къафэм хуабжьу зезыщlатхэзэ ди гъэзджэр, дауэ ди жагъуэ мыхъуми, зы зэманкlэ тфIэжьыхьыжьауэ щытащ.

ДАШУ Мухьэмэд.

Щукин Борис и цІэр зэрихьэу Москва дэт институтыр къызэрыуэхурэ мы гъэм илъэси 100 зэрыриклъур къэралым щагъэлъэпІэ. ЗэрытщІащи, а ежапІэм и адыгэ студиет актёр ІэщІагъэм зыщыхагъэгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа ныбжьыщІэ гупым. Осетин драматург Хугаев Георгий «Жил был пёс, или Чёрная бурка» зыфІища и пьесэм къытращІыкІа «ЩІакІуэ фІыцІэ» спектаклыр Налшык и къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм утыку къыщрахьащ щІыналъэм къебгэгъэжа щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ.

КуэдкІэ узыщыгугъ хъуну артистхэр

● Гъуаздж э

АРТИСТХЭМ зэхуэсахэм я пащхьэм щагъэлъэгъуащ зэныбжьэгъуу, зэбгаГъэу, фІыуэ зэрылъагъуу къызэдэгъуэгурыкІуэхэм я зэхуаку фІыи Іеи къызэрыдэхъуэр, ахэр лъагъуныгъэм зэрыхуэпэжымрэ зэрепІыжымрэ, абыхэм къэрабгьи лЫгъэ зыхэлъи къаэзрыхэкІыр. КІэщІу жьпІэмэ, гупсысэ куу зыщІэлъ мы спектаклым къыхощ гъащІэм гуфІэгъуи, гузэвэгъуи, нэгъуэщІ куэди зэрыщызэхэухуэнар. Артистхэм дыкІэлъагъэпІъ ахэр зрихьэлІэ Іуэху зэІумыбгхэм хэкІыпІэ къызэрыхуагъуэтым. Псалъэм папщІэ, спектаклым къыхэщ хьэ Тузар гуитщхитІ хьуащ. Ар мэлъыкъуэ зэрыцэ щытыкІэ гугъум и хэкІыпІэ. Зы лъэныкъуэкІэ, фІыуэ илъэгъуа дыгъужь Чибаррэ дыгъужьхэмрэ я гъусэу псэууэ ежьэжьну Іэмал иІэщ, ауэ зыхуэлажьэ цІыхум епщІыжьну къригъэзэгъыркъым. Дауэ мыхъуми, Тузар къыхихащ зыхуэлажьэ цІыхур игъэпэжьныр. Тузар зейм зэрымыщІэкІэ гъуэгум къытрина щІакІуэ фІыцІэр щІымахуэр икІыху мышхэу ехъумэ икІи лЫр къыщысыжьнум поплъэ. Ауэ цІыхум къыгурыІуэрэ хьэр къызэрыхуэпэжьыр? А упщІэм куэдым урегъэгупсыс.

Іэхъуэм къищынэмыщІа, мы спектаклым хэт псори псэущхьэщ: хьэр, дыгъужьыр, бажэр, тхъэкІуэмэкІыхь анэр, шыдыр, нэгъуэщІхэри. Артист ныбжьыщІэхэм я дежкІэ цІыхухэм я ролыр ягъэзэщІэныр нэхъ тыншми, псэущхьэхэм, хьэкІэкхъуэкІэхэм я хьэл-щэным дыкІэлъагъэплъмэ нэхъ къащтащ. Лэжьыгъэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Псэущхьэхэм я дунейра хуэдэщ артистхэм дагъэлъагъур, ауэ цІыхухэр зыщІегъэгупсысыж абы. Театрым и артистхэм цІыхухэм я нэгу зрагъэужьын, я эзш трагъэун, я гукъыдэжыр кагъІэтын къудей мыхъуу, я къаэн нэхъышщхьэр игъэзэщІауэ зэхэлъытэ щыхъунри абы щыгъуэу къыщІэкІынщ.

Спектаклым зыкърагъэхьэлІащ республикэм и гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм. Абыхэм захуэдгъэзащ театр гъуазджэм ятІэ лъэбакъуэ хэзыгъэ артист ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэр къазэрыщыхьуажьмкІэ къыддэгуэшэну.

Дэбагъуэ Роман, *режиссёр:*

- Мы спектаклыр ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекІуэкІамэ, уасэ иІэнутэкъым, и пщІэри нэхъ лъагэ хъунут! ЩІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэчий зэраІэр нэрылъагъуу, гъэщІэгъуэну, удихьэхыу джэгуащ. Къэлъытапхъэщ, лэжьыгъэр зыгъэува режиссёрри зэрыстуденту. Артистхэм я Іэзагъэм хагъэхъууэ дяпэкІи зыкъагъэлъэгъуэну дыщогугъ.

Жылэ Анатолэ, *сурэтыщІ:*

- ЯтІэу слъагъуу аращ ди щІалэгъуалэм мыпхуэдэ лэжьыгъэ утыку кьрахьэу. Хуабжьу сыдигьи хьэхуэ сеплъащ, сигуи ирихьащ. Артистхэм акробатикэр фІыуэ къаэрехъулІэм шэч хэлъкъым. Театрым щІалэгъуалэр къыщыхьхьэм и деж къаруущІэ къыхохъуэ, лэжьыгъэри нэхъ щІэщыгъуэ мэхъу. Илъэс дэкІрэ гупым къагъэзэжмэ, ди театр гъуазджэм щІэ куэд къыхьхьэну къыщІэкІынщ. Нэхъапэ Іуэхэ Щукиным и цІэр зезыхьэ Театр институтыр 1975 гъэм, ижькІэ 1988 гъэм къэзыуха ди актер Іэзэхэм дызэрагъэгушхуэм хуэдэу, мы ныбжьыщІэхэми ди театр гъуазджэр ирагъэфІэкІуэну ди гуапэщ. Спектаклым куэдым урегъэгупсыс. ХьэкІэкъуэкІэхэм ятеухуами, цІыхухэм ди зэхэтыкІэрщ нэхъыщхьэу зи гугъу щыпІар. КІэщІу жьпІэмэ, мы лэжьыгъэм гъащІэм нэгъуэщІынэкІэ урегъэпІъ.

Жылэ Къантемыр, *сценограф:*

- Спектаклыр щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хъарзынэу къайихъуІащ. Ауэ, джэгуахэр си ныбжьэгъущ, си лэжьэгъущи, быдэу си фІэщ мэхъу нэхъыфІыжуи зыкъызэрагъэлъэгъуэфынур. ДяпэкІэщ абыхэм я зэфІэкІыр, я Іэзэгъэ къыщыжьхьэхьанур.

ПЭж дыдэу, абыхэм я джэгукІэмкІэ къагъэлъэгъуащ куэдкІэ узыщыгугъ хъун артист къазэрыхьэкІынур. Нэхъыщхьэраци, абыхэм я зыІыгъыкІэм, зыщыкІэм удехьэх. ГушыІэ дахэр зэраІэпэгъуэмрэ зэчий зэрабгъэдэлъымрэ абы щыбгъужмэ, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей къэрал драмэ театрым и къэкІуэнум зэхьэныгъэфІ хуэзыщІынур, абы зезыгъэужьыныр, лъэпкъ театрыр зыгъэбжьыфІэнур ахэращ. КъыхэгъэщІпхъэщ, мы спектаклыр республикэм и район зыбжанэм ЩэнхабзэмкІэ я унэхэм зэрыщагъэлъэгъуар, ар цІыхухэм ягу зэрырихьар.

Артист ныбжьыщІэхэм иджыри къапэцыпхъщ я Іэзагъэм хагъэхъуэну. �щоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэсым зэфІигъэкІа лэжьыгъэр къыщызэщІакъуэхэм теплъегъуэ кІэщІ зыгъэлъэгъуа, «ЩІакІуэ фІыцІэ» спектаклыр утыку къызыхъу республикэм и театрепхъэм ягу дыхьэну хунэса ныбжьыщІэхэм актёр лэжьыгъэм хуэІэзэу къыщагъэзэжьнум дыпоплъэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Хъуэхъу

Хьэпэ Алик Пщыбий и къуэр нобэ илъэс 60 ирокъу

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ нэхъыжь Хьэпэ Алик Тэрч куейм хыхьэ Болэтей къуажэм къыщалъхуащ, курыт еджапІэ нэужьым КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетыр 1976 гъэм къиухащ. И Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ и щІэныгъэмрэ гу кылъытэри, а гъэ дыдэм егъэджакІуэу къагъэнэжащ икІи нобэр къызэрыс абы щолажьэ. Алик къалэн зэмылІэужьыгъуэхэр ирихьэкІащ, математикэмкІэ факультетым и деканым и къуэдзуи щытащ, нобэми зыхэт гъэсакІуэ, иригъаджэжьэм пщІэ къыхуащІу, фІыуэ къалъагъуу, хьэлэлу и лэжьыгъэр ирехьэкІ.

Алик, уи махуэшхуэмкІэ дыныохъуэхъу! Уи зушІагъэмрэ уи гуащІэмрэ мыкІуэщІу, дэрэжэгъуэр уиЕу, уи хъыджэбзитІымрэ щІалэмрэ я насыпым, абыхэм я ехъулІэныгъэхэм уригушхуэу, пльэкІыр блэжьу, уи дунейр щІэращІэу, уи щхьэгъусэ ФатІимэ къыпкъуэту гъащІэ кІыхь къэбгъащІэну ди гуапэщи, Тхьэм къыпхуэпищэ!

Уи анэр, анэкъулъхуэр, абыхэм я щхьэгъусэхэр, бынхэр.

● Псапэ

ФІыкІэ щогугъ

Узыфэ хьэлъэр зытегупІа сабийхэм я гугъуехьхэм жылагъуэм гу лърагъэтэну хущІэкъуащ республикэм и интернет-форумхэм ящыщ щы щІэзэрыщІэ щІалэгъуалэ гупым. Я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ хамэ къэрал зэрыкІуэн мылъку хуэныкъуэ ТхьэкІумашэ Зауррэ Вербицкий Далемир цІыкІуэрэ зыщІагъэкъуэн мурадкІэ тхьэмахуэ махуэ кІуам абыхэм автомотоныкъыздэжэ ирагъэкІуэкІащ.

ПЩЭДДЖЫЖЬМ жьыуэ Налшык къалэ и гъущІ гъэзэгу вокзалым и утым дэж щызэхуэсат псапащІэ Іуэхум хэтыну гупыж зыщІахэр. Автомашинэ, квадрацикл, мотоцикл 30 хьу гупыр абдежым щежьэри, республикэм и районхэм кІуэцІрыкІащ. Автомашинэхэм кьытещырт республикэм щыпсэуахэм я гупымтэ хуэныкъуэ ТхьэкІумашэ Зауррэ Вербицкий Далемиррэ я сурэтхэр. Далемир цІыкІу и ныбжьыр илъэсым щІигъуауэ аращ, Сербием операцэ щащІын хуейщ. Илъэс 17 хьу ныбжьыщІэ ТхьэкІумашэ Зауррэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щигъуэтыфынур Германиерщ.

Автомотопробегым хэтахэр Щэджэм псыкьелъэхэм, Актопрак щхьэдэхьпІэм, Былым къуажэм, Гижигит гуэлым, Зеикъуэ къуажэм щыІахэщ. Гъэзгу-пльыр къулыкъум и лэжьакІуэхэм я нэІэм щІэту километр 200 гъэзгуанэр зэпачри, Налшык къагъэзэжащ. Абыхэм гъэзгум цІыхухэм щыхуагуэшащ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм ахъшэ здыхуагъэхьыфынур банк реквизитхэр зытратха тхыльымпІэхэр.

Псапэ зыпылъ Іуэхум цІыхухэр къызэрыпэджэжьынур я фІэщ мэхъу къызэгъэпэщакІуэхэм.

БАХЪСЭН Жан.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

Къару егъуэт

Сабий гупхэр зэщІыгъуу автобусхэмкІэ къызэрешэкІыпхъэм теухуауэ 2013 гъэм дыгъэгъаззэм и 17-м Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №1177-мкІэ къащта Хабзэм и 3-нэ пунктым 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къару игъуэтащ.

АБЫ ИПКЪ ИТКІЭ, сабий гупхэр зэщІыгъуу къызэрырашэкІ автобусыр къызэрыщІагъэкІрэ илъэси 10 нэхърэ нэхъыбэ хъун хуейкъым. ЗыхуэщІа Іуэхуэ ІуэкІи и техникэ щытыкІэкІи цІыхухэр зэрагъэІэпхъуэ, гъуэгум зэрытехьэ хабзэхэм къитІасэу, зэрагъэувам хуэдэу, тахографкІэ, ГЛОНАСС е ГЛОНАСС/GPS спутник навигацэ ІэмэпсымэхэмкІэ гъэпсауэ щытыпхъэщ.

• • •

ГъэпцІагъэ зэрихьати

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ республикэм и ухуакІуэ компаниехэм ящыщ зым и унафэщІым хуэгъэзауэ къызыІуаха уголовнэ Іуэхум. Ар ягъэкъуанщэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъагъуа щІэпхъаджагъэ зэрилэжьамкІэ (гъэпцІагъэ хьэлъэ дыдэ зэрызэрихьам папщІэ).

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, 2012 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щІынальэм щыІэ 6825 дзэ частым щхьэхуещэм ирищІылІа къэрал зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, общежит зэрагъэпэщыжьн хуейт. Абы хуэзэ сом мелуан 30-м щІигъуэм щыщ аванси и хуахахт, ауэ псори зэуэ зыІэригъэхьэн мурадкІэ, тхылъ нэпцІхэр игъэхьэзырри, ахъшэр и фирмэм и счётым игъэкІуащ. Лэжьыгъэ ныкъуэщІыр къигъанэри, ар и щхьэ Іуэхуэ кІэ кьигъэсебэнащ, апхуэдэу дзэ частым къэрал зэгурыІуэныгъэ ирищІыкІэным къуэдкІэ ипэ иту кьытехуа щІыхуэхэр ипшынысжащ. ГъэпцІагъэр къыщыщІэщым, дзэ частым хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэмрэ республикэм и Арбитраж судымрэ захуигъэзащ. Арбитраж судым и унафэкІэ, кьидыгъуа бюджет мылъкур хьэрычэтыщІэм кьытрахьжьнущ. ЗэхищІыхьакІэ зиумысжами, хилъхьэжьм зэримыІэм къыхэкІыу, следствэр щекІуэкІ зэманым ар хуэпшыныжакъым.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, уголовнэ Іуэхур Налшык къалэ судым иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

● ЩІэ



Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуос

Трейлраннингымкіэ дунейпсо зэхьэзэхуэ бадзэуэгъуэм и 31 - ышщхьэІуім и 2 махуэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІынущ. Хабзэ хьуауэ мыпхуэдэ зэпеуэр мы гъэм иджы ещанэу къызэрагъэпэщ икІи илъэс къэс абы хэтхэм къахохьу.

ТРЕЙЛРАННИНГЫР - бгым къыщыжьхьынымкІэ зэпеуэщ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр дуней псом и бгылъэ щІыпІэхэм щагъэкІуэкІ икІи цІыху мин бжыгъэкъэ зэхуашэс.

- Ди къэралышхуэм трейлраннинг зэхьэзэхуэр щебгъэкІуэкІ хъуну щІыналъэ и куэдщ, ауэ Іуащхьэмахуэ и Іуэхур щхьэхуэщ. Ар Европэм и щыгу нэхъ лъагэщ, кавказ хьэщІагъэмрэ къызэрэпэщащхэу Іэзэхэмрэ я фІыгъэкІэ, кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу зэхьэзэхуэм зэхуишэсхэр. Ди мурад нэхъыщхьэр абыхэм кІуэ пэтми нэхъыбэ кьахэхъуэн хуэдэу псори къызэдгъэпэщыныщ, - жеІэ зэхьэзэхуэм и унафэщІ Кузьмин Иван.

Абы къызэрыхигъащамкІэ, мы гъэм зэпеуэм хэтыну гупыж ящІащ Японием, Германием, Великобританием, Бразилием, Испанием, СНГ-м хыхь я къэралыгъуэхэмрэ Урысеймрэ я лІыкІуэхэм.

Elbrus Mountain Race (километри 105-рэ гъуэгуанэ): бадзэуэгъуэм и 31-м сыхьэти 8-м Азау жылагъуэм щыщІидзэнущ;

Elbrus Mountain Marathon (километр 42-рэ гъуэгуанэ), ардыдэр - Sky Marathon лІэужьыгъуэм скайранингымкІэ и Урысей Кубокым и 3-нэ Іыхьэщ: шыщхьэІуІм и 2-м сыхьэти 8-м Бахьсэн Ипщэ къуажэм щыщІидзэнущ;

Elbrus Trail (километр 30 гъуэгуанэ) зэпеуэри абы и гъусэу зэхаублэнущ.

Мы гъэм Elbrus World зэхьэзэхуэм хэтынущ спортсмен цІэрыІуэхэу ориентированиемкІэ дуней псом хэнейрэ и чемпион Храмов Андрей, ультрамарафонец Ерохин Дмитрий, Сахарэ щекІуэкІа ультрамарафон, сверхмарафон зэпеуэхэм хэта Дюжаков Алексей, къжьхьыныжьмкІэ Runlad лабораторэр яхьэзэыгъэпэщахэм ящыщ Гаврилов Евгений сымэ, нэгъуэщІхэри.

Мы Іуэхум хэтыну хуейкэр иратэблагъэ. КъызэрэпэщакІуэм зыпылъ щІэ хъунущ: info@elbrusworldrase.kom, телефоныр - 79852206949.

ДЫГУЛЫБГЪУ Хьэжсет.

● Шынагъуэншагъэ

Тхьэмадэм къыхелъхьэ

Журналист ныбжьыщІэхэмрэ Интернет блогерхэмрэ ирагъэблэгъащ Урысейм щытыкІэ хэзыгъэныкъуэхэмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм. Аха эр епсэлъащ иджыблагъэ а Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ ящІа Надежин Михаил, зрагъэлъэгъуащ ІэщІагъэлІхэм я къаленхэр зэрызэфІахри.

НАДЕЖИН Михаил псом я къыхигъэщащ Интернет сайтхэм жыдкэру ежьыми «зэрызыщІпалъхьэр», блогерхэмрэ журналистхэмрэ ятххэм зыщигъэгъуэзэну зэрыфІэфІыр. Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу кьилъытэхэм ящыщу Надежиным жиІащ министерствэм иеэжьхэр зыхуэдэр щІыхуэхэм ялъэгъэІэсын зэрыхуейр, я Іуэхум щэху къыхэкІ зэрымыкъуэнур. «АбыкІэ сэбэн кьытхуэхуфынур фэращ, журналистхэращ. Дызэдэлэжьамэ, сфІэкъабылат» - жиІащ Надежиным.

Надежинымрэ абы и къуэдзэ Аппоев Хьэсэнрэ тепсэлъыхьащ ІэщІагъэлІхэр зэрагъасэм, мафІэс къэмыхъун щхьэкІэ лажьэ ІэнатІэхэм, нэгъуэщІхэми.

Жьапщэшхуэ къыщыкъуэкІэ, уэлбанэшхуэ хъункІэ шынагъуэ щыщыІэкІэ МЧС-м, зэрытщІэщи, ди телефонхэм абы теухуа хъыбар кьеГъакІуэ. Куэдым гу лъатэ къыщІэкІынщ ар мащІэу гуваУэ къызэрытІэрыхьэм. Журналистхэр а Іуэхум щыщІэупщІэм, Надежиным къыхигъэщащ ар метеорологхэм министерствэм хуабгъэ къызэрыратащІэм зэрелъытар. Абы жиІащ дунейр шынагъуэу къыщІэкІ, псалъэм папщІэ, Налшык и хьэблэхэм дэт сиренэхэр къагъэсэбэп зэрыхъур, телевиденэми хъыбаркІэ къызэрыратэтыр.

Урысейм ЩытыкІэ къызэрымыкІуэхэмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьыгъэр нэхъ ІупщІ ящІын мурадкІэ, щэбэт къэс ІэнатІэм и ІэщІагъэлІхэр журналистхэм ядэлэжьэнущ, я ятІэ зэІущІэр къалэм и мафІэсгъэункІыфІ ІэнатІэхэм ящыщ зым щекІуэкІынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

ЯдэІэпыкъурт щІэпхъаджащІэхэм зы «щІалэжь»

КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и центрым Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм ящыІыгъуу къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым ярубыдащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 30 зи ныбжь, Щэджэм къалэм щыпсэур.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ яІэ хъыбарымкІэ, яубыдам республикэм щэхуу щылажьэ бзаджащІэ гупым хэтхэм Іэщэр, абы и Іэмэпсымэхэр хъумэнымкІэ, ерыскъыхэкІхэр яІэрыгъэхьэнымкІэ 2013 гъэм и дыгъэгъазэм щыщІэдзауэ защІигъакъуэрт, щэхуу езым и автотранспортымкІэ кьришэкІырт.

Урысей МВД-м и къудамэу Щэджэм щІналъэм щыІэм и следственнэ ІэнатІэм яубыдам теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

Сэ уІэгъэ, лъы бжьыгъэ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм къалэ сламаджэщым и дохутырхэм хъыбар къарагъэщІащ я хирургие къудамэм зи ныбэм сэ уІэгъэ тельь, илъэс 32-рэ хьу щІыхуэхьр къызэрашам теухуауэ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкІуэкІым полицейхэм зэраубзыхуамкІэ, лей зытехьам а фэбжьыр илъэс 30 зи ныбжь и граждан щхьэгъусэм къридзащ.

ЦІыхубзым зиумысыжащ. УІэгъэ хъуар абы «дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ» сымаджэщым ишащ.

Іуэхур къыщыхъуа щІыпІэм щІэпхъаджагъэр зэраляжьа сэр, лъы бжьыгъэ зэрылъ джанэр къыщагъэтащ. Полицейхэм Іуэхур зэхагъэкІ.

БзаджащІэр къалъыхъуэрт

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм яубыдащ зэрыдыгъуам къыхэкІыу къалъыхъуэ илъэс 16 хьу къалэдэсыр.

АПХУЭДЭ щІэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкІыу нэхъапэми жэуапым ирашэлІа ныбжьыщІэр КъБР-м щыІэ МВД-м балигъ мыхъуауэ хабзэр къызэпызыдахэр пІалъэкІэ щаІыгъ центрым яшащ.

Къэрал къуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ),* **ЖьакІэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),* **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),* **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иззэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядолжэныкъуэмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтА Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Хьэжьыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ), корректорхэм я дзІэныкъуэгъу* **Мышрэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ищІащ* **Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн ухуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1509